

TEMBUNG KRIYA KAHANAN SAJRONE UKARA STATIF ING BASA JAWA

Afifah Dewi Suci

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
afifahsuci@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Panliten ngenani tembung kriya ing basa Jawa wis kerep katindakake dening pamarsudi basa. Tembung kriya diperang dadi telu adhedhasar semantik, yaiku tembung kriya aksi, tembung kriya proses, lan tembung kriya kahanan. Panliten iki mirunggan amarga ukara kang ana tembung kriya kahanan isih arang bisa ditemokake pawongan. Akeh sing durung bisa mbedhakake tembung kriya aksi, tembung kriya proses, lan tembung kriya kahanan. Panliten iki manjila amarga wujud tembung kriya nanging nduweni kalungguhan kahanan. Tembung kriya kahanan diperang dadi 3, yaiku (1) tembung kriya kahanan eksperensial, (2) tembung kriya kahanan benefaktif, (3) tembung kriya kahanan lokatif. Panliten iki ngrembag ngenani wujud, guna, lan kalungguhan tembung kriya kahanan. Tujuwan panliten iki yaiku mangerteni apa wae jinise tembung kriya kahanan ing basa Jawa, banjur dianalisis nggunakake triaspek sintaksis.

Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori transformasi generatif sing dumadi saka rong perangan utama, yaiku asumsi teori transformasi generatif lan cara kerjane teori transformasi generatif. Cara kerjane teori transformasi generatif iki diperang dadi 3 adhedhasar triaspek sintaksis, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan.

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik sinkronis amarga basa kang diteliti yaiku basa Jawa kang digunakake ing jaman saiki. Panliten iki asipat dheskriptif yaiku njlentrehake dhata panliten iki, yaiku ukara kang nggunakake tembung kriya kahanan. Sumber dhatane yaiku ature redaksi kalawarti Jaya Baya taun 2014-2016. Dhata dikumpulake nggunakake metodhe nyemak. Dhata sing wis dikumpuake, banjur dijlentrehake nggunakake cara kerjane teori transformasi generatif adhedhasar triaspek sintaksis. Njlentrehake triaspek sintaksis nggunakake metodhe agih utawa distribusional. Banjur asile njlentrehan dhata disuguhake nggunakake metodhe formal.

Pamarsudi basa nduweni panemu yen tembung kriya kahanan ora ana aksi saka jejer. Saka asil panliten iki bisa didudut yen ora namung tembung kriya pakaryan sing ana aksi saka jejer, tembung kriya kahanan uga nduweni kadar aksi saka jejer. Nalika tembung kriya kahanan solah ana aksi saka jejer, konstituen panyengkuyunge yaiku lesan. Dene tembung kriya kahanan bawa ora ana aksi saka jejer lan sing dadi konstituen panyengkuyunge yaiku geganep.

Tembung wigati: tembung kriya kahanan, eksperensial, benefaktif, lokatif

PURWAKA

Isine bab I iki yaiku (1) landhesan panliten, (2) punjer lan undere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedaha panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

Landhesane Panliten

Tembung kriya kahanan (sabanjure diarani TKK) yaiku salah sawijine perangan saka tembung kriya. Akeh pawongan sing durung mangerteni jinise tembung kriya. Tembung kriya sajrone panliten iki diperang dadi telu adhedhasar struktur semantike, yaiku tembung kriya aksi, tembung kriya proses, lan tembung kriya kahanan. Alasan milih topik TKK kanggo njllingglengi kepriye titikane TKK amarga akeh pawongan sing durung mangerteni bedane tembung kriya aksi, tembung kriya

proses, lan TKK. TKK nduweni titikan kang unik amarga wujud tembung kriya nanging nduweni kalungguhan kahanan. Panliten iki mirunggan amarga ukara kang ana TKK isih arang bisa ditemokake pawongan amarga akeh sing durung bisa mbedhakake tembung kriya aksi, tembung kriya proses, lan TKK.

Tembung kriya aksi yaiku tembung kriya sing jejere minangka agentif (Kridalaksana, 2008:254). Tembung kriya proses yaiku tembung kriya sing dinamis ana ing sawijine waktu (Kridalaksana, 2008:202). TKK yaiku ngenani tembung kriya sing ngandhut makna wektu utawa kahanan sing tetep; kaya; weruh, mati, cilik, gedhe (Kridalaksana, 2008:226). Tembung kriya aksi bisa mangsuli pitakonan ‘Apa sing dilakoni jejer?’; tembung kriya non aksi ora bisa (Adipitoyo, 2012:9). Tembung kriya proses bisa mangsuli pitakonan ‘Apa sing

kedadeyan marang jejer?"; TKK ora bisa (Adipitoyo, 2012:9)

TKK ing basa Jawa durung tau diteliti. Nanging ngenani TKK dhewe wis tau diandharake dening Adipitoyo (2013) ing buku *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Buku kasebut ngrembag jinise tembung kriya, yaiku bab sintaksis lan semantik. Buku kasebut merang TKK adhedhasar sintaksis.

TKK sajrone panliten iki diperang dadi telu, yaiku TKK eksperensial, TKK benefaktif, lan TKK lokatif. 'Aku mikir dheweke' salah sawijine TKK eksperensial yaiku tegese jejer lagi ngalami kahanan mikir. Ukara 'Bocah-bocah nduwe kapinteran' kalebu TKK benefaktif yaiku tegese jejer lagi nampa kahanan yaiku nduwe. 'Masyarakat manggon ing daerah pinisah' minangka TKK lokatif yaiku tegese jejer lagi ana ing sawijine papan.

Adhedhasar jinise TKK ing basa Jawa teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori transformasi generatif kanthi nggunakake cara kerjane teori triaspek sintaksis yaiku TKK ing basa Jawa adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan. TKK ing basa Jawa iki nduweni ancas kanggo ngerteni kepriye titikane tembung kriya kang nduweni teges kahanan. Perangan-perangane TKK nalika ana ing sawijine ukara diperang adhedhasar jinise. TKK kalebu semantik gramatikal. Makna gramatikal yaiku makna sing ana hubungane karo basa, utawa makna sing ana amarga fungsi sawijine tembung ing ukara (Fatimah, 2013:16).

Dhata sajrone panliten awujud tembung kriya kahanan, dene sumber dhata saka panliten iki yaiku ukara statif dijupuk saka ature redaksi kalawarti Jayabaya taun 2014-2016. Banjur panliti njupuk dhata saka kalawarti Jayabaya amarga kalawarti kasebut basane kalebu ragam basa ngoko. Dene panliti njupuk dhata kalawarti Jayabaya taun 2014-2016 amarga dhatane kalebu basa Jawa ing jaman saiki.

Punjer lan Undere Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur, kang dadi punjere panliten, yaiku tembung kriya kahanan sajrone ukara statif ing basa Jawa. Dene underane panliten, yaiku:

- 1) Apa wae jinise TKK eksperensial sajrone ukara statif ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaksis?
- 2) Apa wae jinise TKK benefaktif sajrone ukara statif ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaksis?
- 3) Apa wae jinise TKK lokatif sajrone ukara statif ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaksis?

Tujuwane Panliten

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentehake TKK sajrone ukara statif ing basa Jawa. Dene adhedhasar undere panliten, tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentehake:

- 1) Jinise TKK eksperensial sajrone ukara statif ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaksis.
- 2) Jinise TKK benefaktif sajrone ukara statif ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaksis.
- 3) Jinise TKK lokatif sajrone ukara statif ing basa Jawa adhedhasar triaspek sintaksis.

Paedahe Panliten

Paedah sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoretis lan paedah praktis. Luwih cethane diandharake ing ngisor iki.

Asile panliten iki arupa wujud, guna, lan kalungguhan TKK ing basa Jawa kang diajab bisa aweh piguna tumrap ilmu basa Jawa, mligine bab semantik. Asil panliten iki supaya bisa kanggo panutan panliten sabanjure.

Watesane Panliten

Watesan panliten iki diwatesi telung bab, yaiku (1) topik, (2) sumber dhata, lan (3) teori kang digunakake, bab kasebut dijlentehake ing ngisor iki:

- (1) Topik panliten iki ngenani TKK ing basa Jawa.
- (2) Sumber dhata panliten iki awujud dhata tulis, yaiku ukara sajrone ature redaksi kalawarti Jayabaya taun 2014-2016.
- (3) Panliten iki dijlentehake nggunakake teori transformasi generatif kanthi nggunakake cara kerjane teori triaspek sintaksis yaiku TKK ing basa Jawa adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan.

Panjentrehe Tetembungan

Tetembungan kang digunakake sajrone panliten iki ana papat (1) tembung kriya kahanan, (2) TKK eksperensial, (3) TKK benefaktif, lan (4) TKK lokatif, Saben tetembungan kasebut dijlentehake ing ngior iki, yaiku:

- (1) Tembung kriya kahanan yaiku tembung kriya kang nduweni teges kahanan (Adipitoyo, 2013:47). Tembung kriya kahanan utawa TKK yaiku tembung kriya sing ora bisa digandhengake karo tembung 'lagi' (Alwi, dkk 2001:1260).
- (2) Statif yaiku (i) ngenani tembung kriya lan tembung kahanan sing ngandhut makna wektu utawa kahanan sing tetep; kaya; weruh, mati, cilik, gedhe; (ii) sajrone sintaksis ngenani

tembung kriya lan tembung kahanan sing ora bisa nuduhake proses lan daya tartamtu, lan sajrone semantik ngandharake kahanan lan dudu tumindak utawa proses sing ora aktif (Kridalaksana, 2008:226).

- (3) TKK eksperensial yaiku tembung kriya sing kudu nekakake jejer sing ngalami lan objek ing struktur semantike. Jejer sing ngalami ana ing sawijine kahanan kognisi, emosi, utawa sesasi (Tampubolon, 1979:17).
- (4) TKK benefaktif yaiku tembung kriya sin kudu ana kasus benefaktif lan ana objek ing struktur semantike. Kasus benefaktif ngandharake ngenani nduweni, antuk, utawa kelangan, lan objek ngandharake sing tegese nduweni, antuk, utawa ilang. (Tampubolon, 1979:19).
- (5) TKK lokatif yaiku tembung kriya sing kudu ana sawijine kasus objek lan kasus lokatif ing struktur semantike. Kasus objek sing dimaksud ngandharake yen ana kedadeyan ing sawijine papan utawa lokasi, lan kasus lokatif ngandharake papan utawa lokasi. (Tampubolon, 1979:20).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Isine bab II iki yaiku (1) panliten ngenani tembung kriya kahanan, (2) konsep-konsep ing panlien iki, lan (3) teori kanggo panliten iki. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

Panliten ngenani TKK ing basa Jawa durung akeh ditindakake. Panliten ngenani TKK wis tau diandharake dening Adipitoyo ing buku *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa* taun 2013. Buku kasebut ngrembag babagan sintaksis lan semantik. Buku kasebut merang tembung kriya dadi tembung kriya aksi, tembung kriya proses, lan tembung kriya kahanan. Buku kasebut uga ngrembag diatesis aktif, pasif, refleksif, lan resiprokal. Tuladha sajrone buku kasebut nggunakake ragam basa ngoko.

Buku *Tipe-tipe Semantik Verba Bahasa Jawa* taun 1990 uga ngrembag verba basa Jawa salah sawijine TKK. Buku kasebut ngandharake komponen semantik. Perangan verba sajrone klausa. Buku kasebut uga njlentrehake titikan tembung kriya lan jinise jejer.

Skripsi kanthi irah-irahan *Konstruksi Sintaksis Mawa Tembung Kriya Nenandhang {-en}* dening Safitri uga ngrembag babagan TKK nanging wujud beda. Dene sajrone skripsi kasebut TKK saka tembung aran banjur kena nenandhang {-en}, tuladhane kaya kutilen. Tembung kutilen kalebu TKK amarga kalebu tembung kriya nanging uga ngandharake kahanane saiki.

Saka panliten-panliten kang wis dianakake sadurunge bisa diweruhi yen panliten ngenani TKK

mligine wujud, guna, lan kalungguhan TKK durung tau diteliti. Mula saka iku dileksanakake panliten *Tembung Kriya Kahanan sajrone Ukara Statif ing Basa Jawa*. Panliten iki dianalisis nggunakake teori transformasi generatif lan dijlentrehake nganggo triaspek sintaksis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Panliten iki nduweni ancas kanggo njangkepi panliten ngenani TKK sing wis tau ditindakake dening pamarasudi basa liyane kanthi luwih mligi yaiku ngenani TKK ing basa Jawa.

Konsep-konsep ing Panliten iki

Konsep niti TKK, yaiku tegese TKK, titikane TKK, dununge TKK ing pamerange tembung ing basa Jawa, lan jinise TKK. Konsep iki diandharake kanthi cetha ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan

TKK diperang adhedhasar telung bab, yaiku (1) tegese TKK, (2) titikane TKK, lan (3) Jinise TKK. Saben perangan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

Tegese Tembung Kriya Kahanan

TKK yaiku tembung kriya kang nduweni teges kahanan (Adipitoyo, 2013:47). TKK yaiku (i) ngenani tembung kriya lan tembung kahanan sing ngandhut makna wektu utawa kahanan sing tetep; kaya; weruh, mati, cilik, gedhe; (ii) sajrone sintaksis ngenani tembung kriya lan tembung kahanan sing ora bisa nuduhake proses lan daya tartamtu, lan sajrone semantik ngandharake kahanan lan dudu tumindak utawa proses sing ora aktif (Kridalaksana, 2008:226). Tembung kriya kahanan yaiku tembung kriya sing ora bisa digandhenge karo tembung 'lagi' (Alwi, dkk 2001:1260). Tembung kriya kang nerangake kahanan nuduhake anane tindakan pengalaman. Tembung kriya kang nerangake kahanan saemper karo tembung kahanan (Poedjosoedarmo, 1979:48).

Titikane Tembung Kriya Kahanan

Titikane TKK diperang dadi telu, yaiku 1) titikan morfologis, 2) titikan sintaksis lan 3) titikan semantis. Tetelune dijlentrehake ing ngisor iki.

Titikan Morfologis

TKK nduweni titikan morfologis miturut Adipitoyo (2013:47) yaiku tembung lingga kang mawa panambang kaya dene, (1) {-um-}, tuladhane mati, (2) {-en} tuladhane kutilen, (3) {n-} tuladhane ngesir, (4) {ka-} tuladhane krasa. Miturut Adipitoyo taun 1999 uga ngandharake proses morfem. Sajrone *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa Dialek Surabaya* dening Adipitoyo ngrembag ngenani sintaksis

Titikan Sintaktis

TKK yaiku tembung kriya sing ora bisa digandhengeke karo tembung 'lagi' (Alwi, dkk 2001:1260). Miturut Kridalaksana (2008:226) tembung kriya kahanan kanthi sintaksis ngenani tembung kriya lan tembung kahanan sing ora bisa nuduhake proses lan daya tartamtu.

Panliten iki kalebu semantik gramatikal, dene panliten (Surana, 2017) kalebu semantik leksikal. Panliten iki slaras karo (Adipitoyo, 2013) amarga kalebu semantik gramatikal.

Titikan Semantis

Titikan semantis TKK yaiku tembung kriya kang nduweni teges kahanan (Adipitoyo, 2013:47). Kridalaksana (2008:226) ngandharake menawa kanthi semantis tembung kriya kang nerangake kahanan minangka tembung kang nerangake kahanan dudu pakaryan, lan dudu proses. TKK ora bisa mangsuli pitakonan "apa kang dilakoni jeje" lan "apa kang dumadi marang jejer".

Valensi sintaksis ngarep statif ditengeri nganggo fungsi predikat diisi verba sing nduweni makna semantik kahanan. Verba kasebut kudu nganakake konstuien ing ngerepe sing nduweni fungsi jejer lan kalungguhane pengalami utawa ana sing nduweni kalungguhan objektif. Jejer nduweni kalungguhan pengalami yaiku jejer awujud tembung aran insani, kamangka jejer kaungguhan objektif awujud non-insani (Adipitoyo, 2013:22).

Jinise Tembung Kriya Kahanan

TKK ing basa Jawa diperang adhedhasar jinise. Miturut Tampubolon (1979:16) TKK kaperang dadi telu, yaiku 1) TKK eksperensial 2) TKK benefaktif 3) TKK lokatif. Tetelune diandharake ing ngisor iki.

1) Tembung Kriya Kahanan Eksperensial

TKK eksperensial yaiku tembung kriya sing kudu nekakake jejer sing ngalami lan objek ing struktur sematike. Jejer sing ngalami ana ing sawijine kahanan kognisi, emosi, utawa sesasi (Tampubolon, 1979:17). TKK eksperensial diperang dadi telu, yaiku 1) TKK eksperensial kognitif, 2) TKK eksperensial emotif, 3) TKK eksperensial sensitif. TKK eksperensial kognitif diperang dadi loro, yaiku TKK eksperensial salah kognitif yaiku TKK sing ana aksi saka jejer nggunakake pikiran, lan TKK eksperensial bawa kognitif yaiku TKK sing ora ana aksi saka pikirane jejer. TKK eksperensial emotif diperang dadi loro, yaiku TKK eksperensial salah emotif yaiku TKK sing ana aksi amarga emosi lan TKK eksperensial bawa emotif yaiku TKK sing ora ana aksi saka jejer amarga emosi. TKK eksperensial sensitif diperang dadi loro, yaiku TKK eksperensial salah

sensitif yaiku TKK sing dialami dening jejer nanging ana aksi sensitif lan TKK eksperensial bawa sensitif yaiku TKK sing dialami dening jejer nanging ora ana aksi saka jejer.

2) Tembung Kriya Kahanan Benefaktif

TKK benefaktif yaiku tembung kriya sing kudu ana kasus benefaktif lan ana objek ing struktur semantike. Kasus benefaktif ngandharake ngenani nduweni, antuk, utawa kelangan, lan objek ngandharake sing tegese nduweni, antuk, utawa ilang. (Tampubolon, 1979:19). TKK benefaktif diperang dadi telu, yaiku 1) TKK benefaktif posesif yaiku TKK sing bisa dititike amarga jejer lagi nduwe samubarang, 2) TKK benefaktif imposesif yaiku TKK sing bisa dititike amarga jejer lagi kelangan samubarang, 3) TKK benefaktif akuisif TKK sing bisa dititike amarga jejer lagi antuk samubarang.

3) Tembung Kriya Kahanan Lokatif

TKK lokatif yaiku tembung kriya sing kudu ana sawijine kasus objek lan kasus lokatif ing struktur semantike. Kasus objek sing dimaksud ngandharake yen ana kedadeyan ing sawijine papan utawa lokasi, lan kasus lokatif ngandharake papan utawa lokasi. (Tampubolon, 1979:20). TKK lokatif diperang dadi telu, yaiku 1) TKK lokatif presentif/eksistensif yaiku TKK sing bisa dititike amarga jejer ana ing sawijine papan, 2) TKK lokatif purposif/destinatif yaiku TKK sing bisa dititike amarga jejer menyang sawijine papan, 3) TKK lokatif originatif yaiku TKK sing bisa dititike amarga jejer arep menyang papan liya.

Sajrone (Adipitoyo, 2013:53) valensi sintaksis mburi statif dwitaktransitif ditemtokake karo verba predikat sing nduweni makna semantik kahanan, ing ngarepe majibake anane jejer sing kalungguhane pengalami lan neng mburine majibake anane konstituen sing nduweni fungsi katrangan.

Teori kanggo Panliten iki

Teori kang digunakake minangka landhesan teori yaiku teori transformasi generatif. Andharan luwih jangkepe ing ngisor iki.

Tata Makaryane Teori Transformasi Generatif

Teori transformasi generatif miturut Chomsky sajrone Parera (1991:87) tata bahasa sajrone transformasi generatif kuwi metu saka metode kerja rasionalis lan nguji hipotesis-hipotesis sajrone empiris basa tartamtu. Chomsky banjur ngandharake anane postulat sing sabanjure diarani postulat Chomsky. Postulat kapisan yaiku beda antarane *competence performance*, antarane dhata warisan lan seserepan ngenani basa lan kabasan anggone nggunakake dhata. Kapindho yaiku bedane struktur batin (deep structure) lan struktur lair (surface

structure). Bedane struktur batin lan struktur lair iki ngasilake tata carane tata basa sing ndhasarake marang telung komponen. Katelu yaiku aspek kreatipe basa utawa sing diarani sipat dinamise basa. Postulat kaloro saka katelu kasebut nuduhake cara kerja teori transformasi generatif. Bab kasebut uga selaras karo panemune pamsudi basa yaiku Samsuri (1981:35) ngandharake tranformasi yaiku proses utawa asil saka owah-owahan sawijine struktur kang ora kaiket utawa struktur liya kang nduweni kaidah tartamtu. Ing bukune liyane Samsuri (1994:284-287) uga ngandharake yen transformasi generatif kedadeyan saka struktur batin lan Struktur lair. Samsuri ngandharake yen sawijine titkan tatabasa generatif njlentrehake sesambungan strukturil antarane ukara siji lan ukara liyane, lan digambarake kanthi keilmuan kang diarani transformasi. Mula sesambungan antarane struktur lair lan struktur batin diarani transformasi.

Miturut (Verhaar, 2010, 11-14) ngandharake makna gramatikal. Ilmu morfologi hubungane struktur “internal” tembung. Sintaksis yaiku cabang linguistik sing ana hubungane ngenani susunan tembung-tembung ing ukara. Semantik yaiku cabang linguistik sing mbahas teges utawa makna. Makna tartamtu mesthi ana ing sintaksis, senadyan dudu makna leksikal, makna kasebut diarani “makna gramatikal”.

METODHE PANLITEN

Panliten iki sipate sinkronis, amarga basa sing diteliti ing panliten iki yaiku basa ing wektu saiki (Kridalaksana, 2008:222). Miturut Mahsun (2012:117) panliten sinkronis yaiku panliten basa kanthi nлити fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu. Panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten sing ditindakake kanthi ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu lan nduweni sipat dheskriptif. Ana telung cara sing ditindakake yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngandharake asile panliten. Panliten iki dijlentrehake ngenani TKK ing basa Jawa.

Dhata sajrone panliten dibedakake dadi rong jinis, yaiku dhata utama lan dhata panyengkuyug. Dhata dhasar yaiku dhata sing dijlentrehake. Dhata panyengkuyug kuwi dudu dhata sing dijlentrehake nanging dhata sing digunakake kanggo nyengkuyug dhata dhasar (Sudaryanto, 1988:44). Panliten iki namung nggunakake dhata utama yaiku dhata tulis kang dijupuk saka sumber dhata ature redaksi ing kalawarti Jaya Baya.

Sumber dhata panliten iki yaiku ukara statif. Sumber dhata sajrone panliten basa Jawa pancen luwih apik lisan. Nanging panliten iki njupuk dhata tulis amarga dhata tulis luwih dinalar. Dene panliten njupuk dhata saka kalawarti Jaya Baya amarga sajrone kalawarti isine maneka warna. Banjur dhata tulis sing dijupuk awujud

non fiksi amarga dhata tulis non fiksi ora ana rekaane. Ukara statif kasebut dijupuk saka ature redaksi sajrone kalawarti Jaya Baya taun 2014-2016.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake ana telu, yaiku: (1) ngumpulake dhata; (2) njlentrehake dhata; (3) nyuguhake asile jlentrehan dhata. Saben bab diandharake ing ngisor iki.

Ngumpulake Dhata

Ngumpulake dhata iki yaiku nggunakake metode semak. Kanthi cara nyemak ature redaksi sajrone kalawarti Jaya Baya taun 2014-2016.

Njlentrehake Dhata

Dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe agih (Sudaryanto, 2015:37). Metode agih utawa distribusional yaiku ngolah dhata arupa basa kanthi cara nemtokake perangan-perangane basa kanthi cara nemtokake perangan-perangan basa iku dhewe. Dhata saka panliten iki diklumpukake banjur dianalisis manut triaspek sintaksis, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Metode agih iki nduweni maneka teknik. Maneka teknik sajrone metodhe agih yaiku teknik nambahi, teknik ngambakake, teknik walik, teknik owah ujud lan teknik balen (Sudaryanto, 2015:42). Metode dhibusional dinggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan TKK ing basa Jawa. Teknik sing digunakake ing panliten yaiku teknik ngilangi, walik, lan owah ujud diandharake ing ngisor iki.

Teknik Nyigidake

Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik nyingitake bisa dideleng ing tuladha iki:

- (1) Dheweke **budhal** menyang Jakarta.
- (1a) Dheweke menyang Jakarta.

Teknik Walik

Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik walik bisa dideleng ing tuladha ngisor iki:

- (2) Dheweke **budhal** menyang Semarang.
- (2a) Dheweke menyang Semarang **budhale**.

Teknik Owah Ujud

Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik nyulih utawa ngganti bisa dideleng ing tuladha iki:

- (3) Dheweke **lunga** menyang negara liya.
- (3a) Dheweke **budhal** menyang negara liya

Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku asil analisis dhata sing diteliti dening panliti, disuguhake

awujud laporan katulis ngenani sakabehe sing diasilake sajrone panliten iki, mligine ngenani TKK ing basa Jawa. Dhata sing diklumpukake ing panliten iki yaiku awujud ukara. Asile panjlentrehane dhata banjur disuguhake utawa ditulis kanthi formal lan informal. Cara formal yaiku nggunakake tandha-tandha lan lambang-lambang. Cara informal yaiku nyuguhake asile dhata kang dijlentrehake kanthi cara dheskripsi kang nggunakake tembung-tembung lumrah saengga bisa dingerteni saben wong kang maca asile panliten (Sudaryanto, 2015:241)

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Isine bab IV iki diperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asile panliten. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

Andharan lan Jlentrehan Dhata Panliten

Andharan lan jlentrehan dhata panliten TKK ing basa Jawa diperang dadi telu, yaiku (1) TKK eksperensial, (2) TKK benefaktif, lan (3) TKK lokatif. Tetelune diandharake ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial

TKK eksperensial ing basa Jawa diperang dadi telu, yaiku (1) TKK eksperensial kognitif, (2) TKK eksperensial emotif, lan (3) TKK eksperensial sensitif. Tetelune perangan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Kognitif

TKK eksperensial kognitif diperang dadi loro yaiku, (1) TKK eksperensial solah kognitif lan (2) TKK eksperensial bawa kognitif. Andharan lan perangan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Solah Kognitif

TKK eksperensial solah kognitif (sabanjure TKK ESIKog) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KhESIKog lan ngisi guna Wa. Eksperensial tegese pangalaman, solah tegese ana aksi saka jejer, kognitif yaiku aspek-aspek makna satuwan basa sing ana hubungane karo ciri-ciri ing alam njaba basa utawa penalaran (KBBI). TKK ESIKog majibake anane J lan Gg utawa L minangka konstituen panyengkuyung. Je saka TKK ESIKog nduweni kalungguhan pengalami tumrap T Ar kanthi fitur insani. Konstituen kang ngisi guna L kanthi fitur maujud lan ora maujud nduweni kalungguhan panandhang. Dhata lan jlentrehan TKK ESIKog ing ngisor iki.

- (1) Wong-wong mikir plastik. (JB No. 39 Minggu V Mei 2015)

	<u>Wong-wong</u>	<u>mikir</u>	<u>plastik</u>
Wj	T Ar	T Kr	G Ar
Gn	J	W	L
Kl	Pgl	KhESIKog	Pnd

Dhata ing ndhuwur nuduhake anane TKK ESIKog yaiku ditengeri ana aksi sing dilakoni nganggo pikiran yaiku tembung “mikir” ing dhata kasebut. Tembung “wong-wong” bisa diarani T Ar insani amarga kalebu manungsa. Tembung “wong-wong” nduweni guna J amarga manggon ing kiwane wasesa. tembung “wong-wong” minangka J lan kalungguhane Pgl.

- (1) Wong-wong mikir plastik
 (1a) *Kura-kura* mikir plastik *)
 (1b) *Bayi* mikir plastik. *)
 (1c) Wong-wong *mangan* plastik *)
 (1d) Wong-wong *kelingan* plastik *)
 (1e) Plastik dipikir wong-wong.

Ukara (1a) jejer awujud T Ar Animat, nalika jejer saka dhata (1) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Dene (1b) jejer uga awujud T Ar insani, nanging semantike ora ana, amarga bocah bayi durung mikirake plastik.

Banjur “mikir” awujud TKK ESIKog bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “mikir”, dadine “ora mikir” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “mikir” kagolong T Kr. Dene “mikir” awujud TKK ESIKog ngandharake ana aksi sing nggunakake pikiran. Dene dhata (1c) an (1d) ukarane isih gramatikal nanging semantike ora ana. Tembung “plastik” nduweni wujud T Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane tembung “plastik” dadine yaiku “dudu plastik”. Nalika tembung “plastik” dadi jejer, wasesae uga beda, asale tembung “mikir”, nalika wasesane tembung “plastik” dadi wasesane “dipikiri”. Tembung “plastik” nduweni guna L amarga bisa dadi jejer kaya ing ukara (1e).

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Bawa Kognitif

TKK eksperensial bawa kognitif (sabanjure TKK EBwKog) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KhEBwKog lan ngisi guna Wa. Eksperensial tegese pangalaman, bawa tegese kahanan sing lumaku ora ana aksi, kognitif yaiku aspek-aspek makna satuwan basa sing ana hubungane karo ciri-ciri ing alam njaba basa utawa penalaran (KBBI). TKK EBwKog majibake anane J lan Gg minangka konstituen panyengkuyung. Je saka TKK EBwKog nduweni kalungguhan pengalami tumrap T Ar kanthi fitur insani. Dhata lan jlentrehan TKK EBwKog ing ngisor iki.

- (11) Wong ringkih lali tumindake. (JB No. 16 Minggu III Desember 2015)

	<u>Wong ringkih</u>	<u>lali</u>	<u>tumindake</u>
Wj	F Ar	T Kr	T Ar
Gn	J	W	G
Kl	Pgl	KhEBwKog	Pnd

Ukara (2) ing ndhuwur nuduhake anane TKK EBwKog yaiku ditengeri ana bawa ora disengaja ana ing pikiran yaiku tembung “lali” ing dhata kasebut. frasa “wong ringkih” bisa diarani F Ar insani,. Tembung “lali” ora disengaja ilang saka pikirane jejer sing diisi F Ar insani.

- (11) Wong ringkih lali tumindake.
- (11a) **Wedhus** lali tumindake. *)
- (11b) **Kursi** lali tumindake.
- (11c) Wong ringkih **ngombe** tumindake. *)
- (11d) Wong ringkih **mikir** tumindake.
- (11e) Tumindake dilalekake wong ringkih. *)

Ukara (11a) jejer awujud T Ar non insani, Ukara (11b) jejer awujud T Ar insani nanging semantike ora ana. Frasa “wong ringkih” nduweni guna J amarga manggon ing kiwane wasesa, jejer uga dadi pawongan sing dicritakake sajrone ukara kasebut. Kalungguhan saka jejer yaiku pengalami amarga jejer lagi ngalami kahanan.

Nalika tembung “lali” diganti karo tembung “ngombe” kaya ing (11c) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Dene ukara (11d) wasesane awujud T Kr nanging ngandharake aksi saka pikiran. Guna saka tembung “lali ” yaiku W Bisa ditengeri W manggon ing tengene J nalika ukarane J-W. Kalungguhan saka tembung “lali” yaiku KhEBwKog. Kalungguhan saka tembung “lali” diarani KhEBwKog amarga “lali” iku ngandharake kahanane J.

Tembung “tumindake” nduweni wujud T Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane tembung “tumindake” dadine yaiku “dudu tumindake”. Nalika tembung “tumindake” dadi jejer, wasesae uga beda, asale tembung “lali”, dadi “dilalekake”. Tembung “tumindake” nduweni guna G amarga ora bisa dadi jejer. Ukara (11e) tembung “tumindake” bisa jejer nanging kurang trep. Kalungguhan saka tembung “tumindake” yaiku panandhang amarga sing nandhang kahanane J.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Emotif

TKK eksperensial emotif diperang dadi loro yaiku, (1) TKK eksperensial solah emotif lan (2) TKK eksperensial bawa emotif. Andharan lan perangan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Solah Emotif

TKK eksperensial solah emotif (sabanjure TKK ESIEmt) yaiku TKK amarga ana aksi saka jejer njalari emosi. Emotif yaiku tembung utawa frasa sing dikaitake karo panrasa (Alwi, dkk 2008:368). TKK sing nduwe

kalungguhan KhESIEmt lan ngisi guna Wa. TKK ESIEmt majibake anane J lan L minangka konstituen panyengkuyung. Je saka TKK ESIEmt nduweni kalungguhan pengalami tumrap T Ar kanthi fitur insani. L saka TKK ESIEmt nduweni kalungguhan panandhang tumrap T Ar kanthi fitur maujud lan ora maujud. Dhata TKK ESIEmt ing ngisor iki.

- (15) Tri Risma nyenengake wargane. (JB No. 27 Minggu I Maret 2014)

	<u>Tri Risma</u>	<u>nyenengake</u>	<u>wargane</u>
Wj	F Ar	T Kr	T Ar
Gn	J	W	L
Kl	Pgl	KhESIEmt	Pnd

Dhata (15) ing ndhuwur nuduhake anane TKK ESIEmt yaiku ditengeri ana aksi nggunakake emosi yaiku tembung “nyenengake” ing dhata kasebut. Frasa “Tri Risma” awujud F Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing ngarepe frasa “Tri Risma”, dadi “dudu Tri Risma”. Nalika Jejer diisi saliyane F Ar insani, ukara kasebut ora bisa dadi ukara TKK ESIEmt. Tembung “nyenengake” yaiku aksi nggunakake emosine jejer sing diisi T Ar insani.

- (15) Tri Risma nyenengake wargane.
- (15a) **Sapi** nyenengake wargane. *)
- (15b) **Bocah TK** nyenengake wargane. *)
- (15c) Tri Risma **mlaku** wargane. *)
- (15d) Tri Risma **seneng** wargane.
- (15e) Wargane disenengake Tri Risma.

Ukara (15a) jejer awujud T Ar animat, nalika jejer saka dhata (15) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Ukara (15b) jejer awujud T Ar insani nanging semantike ora cocog. Frasa “Tri Risma” banjur trep lan bener yen frasa “Tri Risma” minangka J lan kalungguhane Pengalami. Banjur “nyenengake” awujud TKK ESIEmt bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “nyenengake”, dadine “ora nyenengake” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “nyenengake” kagolong TKK ESIEmt amarga ngandharake aksi nggunakake emosi. Nalika tembung “nyenengake” diganti karo tembung “mlaku” kaya ing (15c) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Dene ukara (15d) wasesane awujud T Kr nanging tegese aksi njalari emosi. Kalungguhan saka tembung “nyenengake” yaiku KhESIEmt.

Tembung “wargane” nduweni wujud T Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane tembung “wargane” dadine yaiku “dudu wargane”. Nalika tembung “wargane” dadi jejer, wasesae uga beda, asale tembung “nyenengake”, dadi “disenengake”. Tembung “wargane” nduweni guna L amarga bisa dadi jejer kaya ing ukara (15e). Kalungguhan saka tembung

“wargane” yaiku panandhang amarga lesan sing nandhang kahanane J.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Bawa Emotif

TKK eksperensial bawa emotif (sabanjure TTK EBwEmt) yaiku tembung kriya amarga emosi. Emotif yaiku tembung utawa frasa sing dikaitake karo panrasa (Alwi, dkk 2008:368). TTK sing nduwe kalungguhan KhEBwEmt lan ngisi guna Wa. Bawa emotif yaiku kahanan sing bisa molak-malikake ati. TTK EBwEmt majibake anane J lan Gg minangka konstituen panyengkuyung. Je saka TTK EBwEmt nduweni kalungguhan pengalami tumrap T Ar kanthi fitur insani. Gg saka TTK EBwEmt nduweni kalungguhan panandhang tumrap T Ar kanthi fitur maujud lan ora maujud. Dhata TTK EBwEmt ing ngisor iki.

(24) Pawongan seneng kabar ala lan pesimitik. (JB No. 45 Minggu I Juli 2014)

<u>Pawongan</u>		<u>seneng</u>	<u>kabar ala lan pesimitik</u>
Wj	F Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	L
Kl	Pgl	KhEBwEmt	Pnd

Ukara saka dhata (24) ing ndhuwur nuduhake anane TTK EBwEmt yaiku ditengeri kedadeyan ndadekake emosi yaiku tembung “seneng” ing dhata kasebut. Tembung “seneng” bisa diarani tembung amarga kedadeyan saka satembung, yaiku saka tembung “seneng”. Tembung “pawongan” awujud T Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenahi tembung “dudu” ing ngarepe tembung “pawongan”, dadi “dudu pawongan”. Nalika Jejer diisi saliyanane T Ar insani, ukara kasebut ora bisa dadi ukara TTK EBwEmt. Tembung “seneng” yaiku aksi nggunakake emosine jejer sing diisi T Ar insani.

- (24) Pawongan seneng kabar ala lan pesimitik.
- (24a) *Sapi* seneng kabar ala lan pesimitik. *)
- (24b) *Guru* seneng kabar ala lan pesimitik.
- (24c) Pawongan *mlaku* kabar ala lan pesimitik. *)
- (24d) Pawongan *nyenengi* kabar ala lan pesimitik.
- (24e) Kabar ala lan pesimitik disenengi pawongan. *)

Ukara (24a) jejer awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (24) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Dene ukara (24b) jejer awujud T Ar insani nanging semantike kurang trep. Tembung “pawongan” minangka J lan kalungguhane Pgl. Kalungguhan saka jejer yaiku pengalami amarga lagi ngalami kahanan.

Banjur “seneng” awujud TTK EBwEmt bisa dibuktekake kanthi diwenahi tembung “ora” ing kiwane tembung “seneng”, dadine “ora seneng” nalika diwenahi tembung “ora” banjur trep, tembung “seneng” kagolong TTK EBwEmt amarga ngandharake kedadeyan njalari

emosi. Nalika tembung “seneng” diganti karo tembung “mlaku” kaya ing (24c) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Dene ukara (24d) wasesane awujud T Kr nanging ngandharake aksi ndandekake emosi. Kalungguhan saka tembung “seneng” yaiku KhEBwEmt. Kalungguhan saka tembung “seneng” diarani KhEBwEmt amarga “seneng” iku ngandharake kahanan atine J.

Frasa “kabar ala lan pesimitik” nduweni wujud F Ar bisa dibuktekake kanthi diwenahi tembung “dudu” ing kiwane frasa “kabar ala lan pesimitik” dadine yaiku, “dudu kabar ala lan pesimitik”. Nalika frasa “kabar ala lan pesimitik” dadi jejer, wasesae uga beda, asale tembung “seneng”, dadi “disenengi”. Frasa “kabar ala lan pesimitik” nduweni guna G amarga ora bisa dadi jejer. Ukara (24e) frasa “kabar ala lan pesimitik” bisa dadi jejer nanging semantike kurang trep. Kalungguhan saka frasa “kabar ala lan pesimitik” yaiku panandhang amarga nandhang kahanane J.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Sensatif

TKK eksperensial sensitif diperang dadi loro yaiku, (1) TTK eksperensial solah sensitif lan (2) TTK eksperensial bawa sensitif. Andharan lan perangan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan Eksperensial Solah Sensatif

TKK eksperensial solah sensitif (sabanjure TTK ESL) yaiku tembung kriya amarga aksi njalari sensasi. Sensatif yaiku 1 sing ndadekake trenyuh; sing njalari emosi; 2 sing ngrusuhi; nggemparake; (Alwi, dkk 2008:1274). TTK sing nduwe kalungguhan KEBwS lan ngisi guna Wa. TTK ESL majibake anane J lan Gg minangka konstituen panyengkuyung. Je saka TTK ESL nduweni kalungguhan pengalami tumrap T Ar kanthi fitur insani lan objekif tumrap non insani. Gg saka TTK ESL nduweni kalungguhan panandhang tumrap T Ar kanthi fitur maujud lan ora maujud. Dhata TTK ESL ing ngisor iki.

(33) Pirang-pirang negara mbedhidhing. (JB No. 25 Minggu III Pebruari 2014)

	<u>Pirang-pirang warga negara</u>	<u>mbedhidhing</u>
Wj	F Ar	T Kr
Gn	J	W
Kl	Obj	KhESIS

Ukara saka dhata (33) ing ndhuwur nuduhake anane TTK ESL yaiku ditengeri aksi njalari sensasi yaiku tembung “mbedhidhing” ing dhata kasebut. Tembung “mbedhidhing” bisa diarani tembung amarga kedadeyan saka satembung, yaiku saka tembung “bedhidhing” banjur kena ater-ater {m-}, dadi “mbedhidhing”. Frasa “pirang-pirang negara” awujud F Ar insani bisa

dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing ngarepe frasa “pirang-pirang warga negara”, dadi “dudu pirang-pirang warga negara”. Nalika Jejer diisi saliyané T Ar insani, ukara kasebut ora bisa dadi ukara TKK ESL. Tembung “mbedhidhing” yaiku aksi njalari sensasine jejer sing diisi T Ar insani.

- (33) Pirang-pirang warga negara mbedhidhing.
- (33a) *Semut* mbedhidhing. *)
- (33b) *Es batu* mbedhidhing. *)
- (33c) Pirang-pirang warga negara *mlayu*.
- (33d) Pirang-pirang warga negara *kaget*.

Ukara (33a) jejer awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (33) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Dene ukara (33b) jejer awujud T Ar insani nanging semantike kurang trep. Frasa “pirang-pirang warga negara” minangka J lan kalungguhane Pgl. Kalungguhan saka jejer yaiku pengalami amarga lagi ngalami kahanan.

Banjur “mbedhidhing” awujud TKK ESIS bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “mbedhidhing”, dadine “ora mbedhidhing” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “mbedhidhing” kagolong TKK ESL amarga ngadharake aksi njalari sensasi. Nalika tembung “mbedhidhing” diganti karo tembung “mlayu” kaya ing (33c) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora nuduhake ana TKK ESIS. Dene ukara (33d) jejer awujud T Kr nanging ngandharake aksi njalari sensasi. Guna saka tembung “mbedhidhing” yaiku W Kalungguhan saka tembung “mbedhidhing” yaiku KhESL.

Tembung Kriya Kahanan Benefaktif

TKK benefaktif ing basa Jawa diperang dadi telu, yaiku (1) TKK benefaktif posesif, (2) TKK benefaktif imposesif, lan (3) TKK benefaktif akuisif. Andharan lan perangan kasebut dijlentehake ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan Benefaktif Posesif

TKK benefaktif posesif (sabanjure TKK BnfPss) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KBnfPss lan ngisi guna Wa. Benefaktif tegese panampaan, yen posesif yaiku ngrasa dadi sing nduwe; nduweni sipat iri (Alwi, dkk 2008:1095), banjur benefaktif posesif yaiku jejer kang nduweni kalungguhan panampa lagi ngalami kahanan amarga ngerasa nduweni samubarang. TKK BnfPss majibake anane J lan Gg minangka konstituen panyengkuyung. Je ing TKK BnfPss nduweni kalungguhan panampa tumrap T Ar kanthi fitur insani lan non insani. Gg saka TKK BnfPss nduweni kalungguhan panandhang tumrap T Ar kanthi fitur maujud lan non maujud nduweni kalungguhan panandhang. Dhata TKK BnfPss ing ngisor iki.

- (52) Masyarakat kang rukun nduwe pangaribawa kang gedhe. (JB No. 20 Minggu II Januari 2014)

	<u>Masyarakat kang rukun</u>	<u>nduwe</u>	<u>pangaribawa kang gedhe</u>
Wj	F Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	G
Kl	Pnp	KhBnfPss	Pnd

Dhata (52) ing ndhuwur nuduhake anane TKK BnfPss yaiku ditengeri wasesane yaiku tembung “nduwe” ing dhata kasebut. Tembung “nduwe” bisa diarani TKK BnfPss amarga jejer saka dhata kasebut lagi nduweni samubarang. Jejer saka dhata (52) yaiku, frasa “masyarakat kang rukun” awujud F Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing ngarepe frasa “masyarakat kang rukun”, dadi “dudu masyarakat kang rukun”. Nalika Jejer diisi F Ar insani, ukara kasebut bisa dadi ukara TKK BnfPss.

- (52) Masyarakat kang rukun nduwe pangaribawa kang gedhe.
- (52a) *Panci* nduwe pangaribawa kang gedhe. *)
- (52b) Masyarakat kang rukun *ngombe* pangaribawa kang gedhe. *)
- (52c) Pangaribawa kang gedhe diduweni masyarakat kang rukun.

Ukara (52a) jejer awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (52) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Frasa “masyarakat kang rukun” nduweni guna J amarga manggon ing kiwane wasesa, jejer uga dadi topik sing dicritakake sajrone ukara kasebut. Kalungguhan saka jejer yaiku penampa amarga wasesane nduweni kalungguhan KhBnfPss, mila jejer nduweni kalungguhan panampa.

Banjur “nduwe” awujud TKK BnfPss bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “nduwe”, dadine “ora nduwe” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “nduwe” kagolong TKK BnfPss. Guna saka tembung “nduwe” yaiku W Bisa ditengeri W manggon ing tengene J nalika ukarane J-W. Kalungguhan saka tembung “nduwe” yaiku KhBnfPss. Nalika tembung “nduwe” diganti karo tembung “ngombe” kaya ing (52b) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora nuduhake ana TKK BnfPss.

Frasa “pangaribawa kang gedhe” nduweni wujud F Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “pangaribawa kang gedhe” dadine yaiku, “dudu pangaribawa kang gedhe”. Frasa “pangaribawa kang gedhe” nduweni guna G amarga kanggo ngganepi wasesa supaya ora gothang. Frasa “pangaribawa kang gedhe” bisa dadi jejer kaya ing ukara (52c) nanging semantike kurang trep. Kalungguhan

saka frasa “pangaribawa kang gedhe” yaiku panandhang amarga nandhang kahanane J.

Tembung Kriya Kahanan Benefaktif Imposesif

TKK benefaktif imposesif (sabanjure TKK Bnfl) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KBnfl lan ngisi guna Wa. Benefaktif tegese nampa, yen imposesif tegese kelangan, banjur benefaktif imposesif yaiku jejer kang nduweni kalungguhan panampa lagi ngalami kahanan amarga kelangan samubarang. TKK Bnfl majibake anane J lan Gg minangka konstituen panyengkuyung. Je ing TKK Bnfl nduweni kalungguhan panampa tumrap T Ar kanthi fitur insani lan non insani. Gg saka TKK Bnfl nduweni kalungguhan panandhang tumrap T Ar kanthi fitur maujud lan non maujud nduweni kalungguhan panandhang. Dhata TKK Bnfl ing ngisor iki.

(62) Rakyat Indonesia kelangan kapercayan. (JB No. 27 Minggu I Maret 2014)

	<u>Rakyat</u> <u>Indonesia</u>	<u>kelangan</u>	<u>kapercayan</u>
Wj	F Ar	T Kr	T Ar
Gn	J	W	G
Kl	Pnp	Khbnfl	Pnd

Ukara ing dhata (62) ing ndhuwur nuduhake anane TKK Bnfl yaiku ditengeri wasesane yaiku tembung “kelangan” ing dhata kasebut. Tembung “kelangan” bisa diarani TKK Bnfl amarga jejer saka dhata kasebut lagi kelangan samubarang. Jejer saka dhata (62) yaiku, frasa “Rakyat Indonesia” awujud F Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “rakyat Indonesia”, dadi “dudu rakyat Indonesia”. Nalika Jejer diisi F Ar insani, ukara kasebut bisa dadi ukara TKK Bnfl.

- (62) Rakyat Indonesia kelangan kapercayan.
- (62a) **Tas** kelangan kapercayan. *)
- (62b) Rakyat Indonesia **mangan** kapercayan. *)
- (62c) Kapercayan diilangake rakyat Indonesia. *)

Ukara (62a) jejer awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (62) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Frasa “rakyat Indonesia” minangka J lan nduweni kalungguhan Pnp. Jejer nduweni kalungguhan panampa amarga wasesane nduweni kalungguhan KhBnfl, mila jejer nduweni kalungguhan panampa.

Banjur “kelangan” awujud TKK Bnfl bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “kelangan”, dadine “ora kelangan” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “kelangan” kagolong TKK Bnfl. Guna saka tembung “kelangan” yaiku W Bisa ditengeri W manggon ing tengene J nalika ukarane J-W. Kalungguhan tembung “kelangan” yaiku KhBnfl. Nalika tembung “kelangan” diganti karo

tembung “mangan” kaya ing (62b) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora nuduhake ana TKK Bnfl.

Tembung “kapercayan” nduweni wujud T Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane tembung “kapercayan” dadine yaiku, “dudu kapercayan”. Tembung “kapercayan” nduweni guna G amarga kanggo ngganepi wasesa supaya ora gothang. Ukara (62c) bisa dadi jejer nanging kurang trep. Kalungguhan saka tembung “kapercayan” yaiku panandhang amarga nandhang kahanane J.

Tembung Kriya Kahanan Benefaktif Akuisif

TKK benefaktif akuisif (sabanjure TKK BnfA) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KBnfA lan ngisi guna Wa. Benefaktif tegese nampa, yen akuisif tegese antuk, banjur benefaktif akuisif yaiku jejer kang nduweni kalungguhan panampa lagi ngalami kahanan amarga antuk samubarang. TKK BnfA majibake anane J lan Gg minangka konstituen panyengkuyung. Je ing TKK BnfA nduweni kalungguhan panampa tumrap T Ar kanthi fitur insani lan non insani. Gg saka TKK BnfA nduweni kalungguhan panandhang tumrap T Ar kanthi fitur maujud lan non maujud nduweni kalungguhan panandhang. Dhata TKK BnfA ing ngisor iki.

(72) Calon TKI antuk pendidikan lan pelatihan kerja. (JB No. 24 Minggu II Pebruari 2014)

	<u>Calon</u> <u>TKI</u>	<u>antuk</u>	<u>pendidikan lan</u> <u>pelatihan kerja</u>
Wj	F Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	G
Kl	Pnp	KhBnfA	Pnd

Ukara ing dhata (72) ing ndhuwur nuduhake anane TKK BnfA yaiku ditengeri wasesane yaiku tembung “antuk” ing dhata kasebut. Tembung “antuk” bisa diarani TKK BnfA amarga jejer saka dhata kasebut lagi antuk samubarang. Jejer saka dhata (72) yaiku, frasa “calon TKI” awujud F Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “calon TKI”, dadi “dudu calon TKI”. Nalika Jejer diisi F Ar insani, ukara kasebut bisa dadi ukara TKK BnfA.

- (72) Calon TKI antuk pendidikan lan pelatihan kerja
- (72a) **Kursi** antuk pendidikan lan pelatihan kerja. *)
- (72b) Calon TKI **ngombe** pendidikan lan pelatihan kerja. *)
- (72c) Pendidikan lan pelatihan kerja diantukake calon TKI.

Ukara (72a) jejer awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (72) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Frasa “calon TKI” nduweni guna J amarga manggon ing kiwane wasesa, jejer uga dadi topik sing dicritakake sajrone

ukara kasebut. Frasa “calon TKI” minangka J lan nduweni kalungguhan Panampa.

Banjur “antuk” awujud TKK BnfA bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “antuk”, dadine “ora antuk” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “antuk” kagolong TKK BnfA. Guna saka tembung “antuk” yaiku W Bisa ditengeri W manggon ing tengene J nalika ukarane J-W. Kalungguhan tembung “antuk” yaiku KhBnfA. Nalika tembung “antuk” diganti karo tembung “ngombe” kaya ing (72b) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora nuduhake ana TKK BnfA.

Frasa “pendidikan lan pelatihan kerja” nduweni wujud F Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “pendidikan lan pelatihan kerja” dadine yaiku, “dudu pendidikan lan pelatihan kerja”. Frasa “pendidikan lan pelatihan kerja” nduweni guna G amarga kanggo ngganepi wasesa supaya ora gothang. Ukara (72c) bisa dadi jejer nanging kurang trep. Kalungguhan saka frasa “pendidikan lan pelatihan kerja” yaiku panandhang amarga nandhang kahanane J.

Tembung Kriya Kahanan Lokatif

TKK lokatif ing basa Jawa diperang dadi telu, yaiku (1) TKK lokatif presentif/eksistensif, (2) TKK lokatif destinatif/purposif, lan (3) TKK lokatif orinatif. Andharan lan perangan kasebut dijlentehake ing ngisor iki.

Tembung Kriya Kahanan Lokatif Presentif/Eksistensif

TKK lokatif presentif/eksistensif (sabanjure TKK LPrs) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KLPrs lan ngisi guna Wa. Lokatif tegese papan, yen presentif/eksistensif tegese lagi ana ing. Lokatif presentif/eksistensif yaiku jejer kang nduweni kalungguhan paing amarga Je lagi ana ing sawijine papan. TKK LPrs majibake anane J lan Kt minangka konstituen panyengkuyung. Je ing TKK LPrs nduweni kalungguhan paing tumrap T Ar kanthi fitur insani lan animat. Kt saka TKK LPrs nduweni kalungguhan lokatif utawa papan tumrap T Ar kanthi fitur non insani lan maujud. Dhata TKK LPrs ing ngisor iki.

(87) Masyarakat Indonesia manggon ing daerah-daerah rawan bencana. (JB No. 17 Minggu IV Desember 2014)

	<u>Masyarakat Indonesia</u>	<u>manggon</u>	<u>ing daerah-daerah rawan bencana</u>
Wj	F Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	Kt
Kl	Png	KhLPrs	Ppn

Ukara (87) ing ndhuwur nuduhake anane TKK LPrs yaiku ditengeri ana TKK lan ana tembung “ing” kiwane papan. Jejer saka dhata (87) yaiku, frasa “masyarakat Indonesia” awujud T Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “masyarakat Indonesia”, dadi “dudu masyarakat Indonesia”. Nalika Jejer diisi T Ar insani, ukara kasebut bisa dadi ukara TKK LPrs.

(87) Masyarakat Indonesia manggon ing dhaerah-dhaerahrawan bencana.

(87a) *Kipas* manggon ing dhaerah-dhaerah rawan bencana. *)

Ukara (87a) jejer awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (87) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Frasa “masyarakat Indonesia” nduweni guna J amarga manggon ing kiwane wasesa, jejer uga dadi topik sing dicritakake sajrone ukara kasebut. Kanggo mbuktekake yen frasa “masyarakat Indonesia” manggoni guna J jalaran bisa dadi wangsulan saka pitakon sapa, yaiku “sapa sing manggon ing dhaerah-dhaerah rawan bencana? Masyarakat Indonesia”, nalika diwangsuli nganggo frasa “masyarakat Indonesia” banjur trep lan bener yen frasa “masyarakat Indonesia” minangka J lan nduweni kalungguhan Png. Jejer nduweni kalungguhan Png amarga jejer lagi ana ing sawijine papan.

	<u>Masyaraka Indonesia</u>	<u>ing</u>	<u>daerah-daerah rawan bencana</u>
Wj	T Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	Kt
Kl	Png	KhLPrs	Ppn

Banjur “manggon” awujud TKK LPrs bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “manggon”, dadine “ora manggon” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “manggon” kagolong TKK LPrs. Guna saka tembung “manggon” yaiku W Bisa ditengeri W manggon ing tengene J nalika ukarane J-W. Kalungguhan tembung “manggon” yaiku KhLPrs. Kalungguhan saka tembung “manggon” diarani KhLPs amarga “manggon” iku ngandharake J lagi manggon ing sawijine papan. Tembung “manggon” bisa diilanggi kaya ing ukara (87b) nanging semantike isih nuduhake ana TKK LPrs.

Frasa “ing dhaerah-dhaerah rawan bencana” nduweni wujud F Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “ing dhaerah-dhaerah rawan bencana” dadine yaiku, “dudu ing dhaerah-dhaerah rawan bencana”. Nalika diwenehi tembung “dudu” banjur trep. Frasa “ing dhaerah-dhaerah rawan bencana” nduweni wujud F Ar. Frasa “ing dhaerah-dhaerah rawan bencana” nduweni guna Kt amarga ngandharake katrangan. Dene kalungguhan saka frasa “ing dhaerah-

dhaerah rawan bencana” yaiku papan amarga ngandharake papan kedadeyan lagi lumaku.

Tembung Kriya Kahanan Lokatif Destinatif/Purposif

TKK lokatif destinatif/purposif (sabanjure TKK LD) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KLD lan ngisi guna Wa. Lokatif tegese papan lan destinatif/purposif tegese menyang. Lokatif destinatif/purposif yaiku jejer kang nduweni kalungguhan pamenyang amarga J menyang sawijining papan. TKK LD majibake anane J lan Kt kanthi nduweni papan minangka konstituen panyengkuyung. Je ing TKK LD nduweni fitur T Ar insani. Kt saka TKK LD nduweni kalungguhan lokatif utawa papan tumrap T Ar kanthi fitur non insani lan maujud. Dhata TKK LD ing ngisor iki.

(93) Migrant Care mulih menyang Indonesia. (JB No. 24 Minggu II Pebruari 2014)

	<u>Migrant</u>	<u>mulih</u>	<u>menyang</u>
	<u>Care</u>		<u>Indonesia</u>
Wj	F Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	Kt
Kl	Pmg	KhLD	Ppn

Ukara (93) ing ndhuwur nuduhake anane TKK LD yaiku ditengeri ana TKK lan ana tembung “menyang” ing kiwane papan. Jejer saka dhata (93) yaiku, frasa “Migrant Care” awujud F Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “Migrant Care”, dadi “dudu Migrant Care”. Nalika Jejer diisi F Ar insani, ukara kasebut bisa dadi ukara TKK LD.

- (93) Migrant Care mulih menyang Indonesia.
- (93a) **Lemari** mulih menyang Indonesia. *)
- (93b) Migrant Care **mlayu** menyang Indonesia.

Ukara (93a) jejere awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (93) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Frasa “Migrant Care” nduweni guna J amarga manggon ing kiwane wasesa, jejer uga dadi topik sing dicritakake sajrone ukara kasebut. Frasa “Migrant Care” minangka J lan nduweni kalungguhan Pmg. Jejer nduweni kalungguhan Pmg amarga jejer arep menyang sawijine papan.

Banjur “mulih” awujud TKK LD bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “mulih”, dadine “ora mulih” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “mulih” kagolong TKK LD. Guna saka tembung “mulih” yaiku W Bisa ditengeri W manggon ing tengene J nalika ukarane J-W. Kalungguhan tembung “mulih” yaiku KhLD. Kalungguhan saka tembung “mulih” diarani KhLD amarga “mulih” iku ngandharake J menyang sawijine papan. Nalika tembung “mulih” diganti karo tembung “mlayu” kaya ing (93b) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora nuduhake ana TKK LD.

Frasa “menyang Indonesia” nduweni wujud F Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “menyang Indonesia” dadine yaiku, “dudu menyang Indonesia”. Nalika diwenehi tembung “dudu” banjur trep. Frasa “menyang Indonesia” nduweni wujud F Ar. Frasa “menyang Indonesia” nduweni guna Kt amarga ngandharake katrangan. Dene kalungguhan saka frasa “menyang Indonesia” yaiku papan amarga ngandharake papan kedadeyan arep lumaku.

Tembung Kriya Kahanan Lokatif Originatif

TKK lokatif originatif (sabanjure TKK LO) yaiku TKK sing nduwe kalungguhan KLO lan ngisi guna Wa. Lokatif tegese papan lan originatif tegese saka. Lokatif originatif yaiku jejer kang nduweni kalungguhan panyaka amarga Je saka sawijining papan. TKK LO majibake anane J lan Kt kanthi nduweni papan minangka konstituen panyengkuyung. Je ing TKK LO nduweni kalungguhan panyaka tumrap T Ar kanthi fitur insani. Kt saka TKK LO nduweni kalungguhan lokatif utawa papan tumrap T Ar kanthi fitur non insani lan maujud. Dhata TKK LO ing ngisor iki.

(102) Warga sumingkir saka desane nalika Merapi mbledos. (JB No. 25 Minggu III Pebruari 2014)

	<u>Warga</u>	<u>sumingkir</u>	<u>saka</u>
			<u>desane</u>
Wj	T Ar	T Kr	F Ar
Gn	J	W	Kt
Kl	Pyk	KhLO	Ppn

Ukara (102) ing ndhuwur nuduhake anane TKK LO yaiku ditengeri ana TKK lan ana tembung “saka” ing kiwane papan. Jejer saka dhata (102) yaiku, tembung “warga” awujud T Ar insani bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane tembung “warga”, dadi “dudu warga”. Nalika Jejer diisi T Ar insani, ukara kasebut bisa dadi ukara TKK LO.

- (102) Warga sumingkir saka desane nalika Merapi mbledos.
- (102a) **Kipas** sumingkir saka desane nalika Merapi mbledos. *)
- (102b) Warga **mlayu** saka desane nalika Merapi mbledos.

Ukara (102a) jejere awujud T Ar non insani, nalika jejer saka dhata (102) diowahi, ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora ana. Tembung “warga” minangka J lan nduweni kalungguhan Panyaka. Jejer nduweni kalungguhan Pyk amarga jejer saka sawijine papan.

Banjur “sumingkir” awujud TKK LO bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “ora” ing kiwane tembung “sumingkir”, dadine “ora sumingkir” nalika diwenehi tembung “ora” banjur trep, tembung “sumingkir” kagolong TKK LO. Kalungguhan saka

tembung “sumingkir” diarani KhLO amarga “sumingkir” iku ngandharake J saka sawijine papan. Nalika tembung “sumingkir” diganti karo tembung “mlayu” kaya ing (102b) ukarane isih gramatikal, nanging semantike ora nuduhake ana TKK LO.

Frasa “saka desane” nduweni wujud F Ar bisa dibuktekake kanthi diwenehi tembung “dudu” ing kiwane frasa “saka desane” dadine yaiku, “dudu saka desane”. Nalika diwenehi tembung “dudu” banjur trep. frasa “saka desane” nduweni wujud F Ar. Frasa “saka desane” nduweni guna Kt amarga ngandharake katrangan. Dene kalungguhan saka frasa “saka desane” yaiku papan amarga ngandharake papan kedadeyan sawise lumaku.

Asile Panliten

Asile panliten saka jlentrehan dhata TKK ing basa Jawa bisa dimangerteni yen TKK nduweni wujud tembung kriya nanging nduweni kalungguhan kahanan. Titikane tembung kriya bisa ditengeri kanthi diwenehi tembung “ora” utawa “lagi” ing kiwane tembung kriya. Guna saka TKK yaiku manggon ing wasesa. Kalungguhan saka TKK yaiku kahanan.

TKK ing basa Jawa bisa diperang dadi telu, yaiku 1) TKK eksperensial 2) TKK benefaktif, lan 3) TKK lokatif

Dhiskusi Asile Panliten

TKK ing basa Jawa diperang adhedhasar jinise. TKK ing basa Jawa bisa diperang dadi telu, yaiku 1) TKK eksperensial 2) TKK benefaktif 3) TKK lokatif. Wujud saka jinise TKK padha yaiku T Kr. Guna saka jinise TKK uga padha yaiku nglungguhi wasesa. Nanging kalungguhan saka jinise TKK ora ana sing padha. Jejer TKK eksperensial lagi ngalami kahanan. Jejer TKK benefaktif lagi nampa kahanan. Jejer TKK lokatif lagi ana ing papan panggonan kedadeyan, menyang papan panggonan kedadeyan, lan saka papan panggonan kedadeyan sing wis lumaku. Buku *Valensi Sintaksis Basa Jawa* dening Adipitoyo nlti tembung kriya lan merang tembung kriya adhedhasar semantik. Dene buku *Tipe-Tipe Semantik Verba Basa Jawa* njentrehake struktur semantik saka tembung kriya.

Andharan lan njlentehan ing ndhuwur bisa diweruhi yen tembung kriya kahanan bisa ditemtokake adhedhasar struktur semantik. Kalungguhan jejer sajrone TKK uga beda-beda gumantung jinise tembung kriya kahanan. Dene tembung kriya kahanan eksperensial, kalungguhan jejer yaiku pengalami. Banjur tembung kriya kahanan benefaktif kalungguhan jejer panampa. Kalungguhan TKK gumantung jinise TKK.

PANUTUP

Isine bab V diperang dadi loro, yaiku (1) dudutane lan (2) pamrayoga, diandharake ing ngisor iki.

Dudutan

Miturut panemu sadurunge, TKK ora ana aksi saka jejer. Nanging saka asil panliten iki bisa didudut yen aksi ora mung ana ing tembung kriya pakaryan. TKK uga ana aksi saka jejer, dene sajrone tembung kriya proses durung bisa dipastekake. Struktur guna sajrone TKK sing dadi konstuien panyengkuyung ora mung geganep nanging uga ana lesan. Nalika TKK solah kognitif lan solah emotif mesthi ana konstituen panyengkuyung yaiku lesan amarga ana aksi saka jejer. Dene TKK bawa kognitif lan bawa emotif ana konstituen panyengkuyunge yaiku geganep. TKK lokatif sing dadi konsituen panyengkuyung yaiku jejer lan katrangan papan.

Pamrayoga

Asile panliten iki isih akeh kurang lan lupute, mila panliti ngarepake ana panyaru sing bisa mbangun ing panliten sabanjure. Panliti uga menahi pamrayoga kanggo panliten ngenani tembung kriya, sing jarang diteliti yaiku, tembung kriya proses. Sumber dhata panliten namung nggunakake dhata tulis saka ature redhaksi kalawarti Jayabaya taun 2014-2016 amarga dhata saka ature redhaksi ukarane non fiktif. Panliti ngarepake panyaru amarga ana kurang lan lupute supaya bisa luwih apik ing panliten sabanjure.

KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, S., 1999. *Morfefonemik Bahasa Jawa Dialek surabaya*. Pusat Pembinaan Dan Pengembangan N Nasional.
- _____, 2002. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Surabaya: Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia Universitas Negeri Surabaya
- _____, 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana
- Alwasillah, Chaedar. 2011. *Beberapa Mazdab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Alwi, Hasan dkk, 2001. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia (Edisi Ketiga)*. Jakarta: Balai Pustaka
- _____, 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Pusat Bahasa (Edisi Keempat)*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Azhari, Liana Azmi, 2015. *Tembung Kriya Kahanan sajrone Basa Jawa ing Tlatah Jember*. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya.

- Chaer, Abdul, 2013. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Djajasudarma, Fatimah, 2013. *Semantik 2 Relasi Makna, Paradigmatik, Sintagmatik, dan Derivasional*. Bandung: Refika Aditama.
- Surana, S., 2017. Inferensi dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana. *Fkip E-Proceeding*, Pp.237-244.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik (Edisi Keempat)*. Jakarta: PT Gramedia
- _____. 2007. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia
- Lyons, John. *Semantics Vol. 2*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Padmosoekotjo. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti
- Parera, Jos Daniel. 2009. *Dasar-dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga
- Poedjosoedarmo, Soepomo, dkk. 1979. *Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan Nasional
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Safitri, Aprilia, 2014. *Konstruksi Sintaksis Mawa Tembung Kriya Nenandhang {-en}*. Skripsi. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Samsuri. 1988. *Berbagai Aliran Linguistik Abad XX*. Jakarta: Depdikbud
- Sudaryanto. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sumarlam, M.S. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa: Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta: Pustaka Cakra Surakarta
- Tampubolon, D.P., Abubakar, dan M. Sitorus. 1979. *Tipe-tipe Semantik Kata Kerja Bahasa Indonesia Kontemporer*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Verhaar, J.W.M. 2008. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Wedhawati, dkk., 1990. *Tipe-tipe semantik Verba Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- _____, 2005. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius